



# Opsyon w Pou Planin Familyal

Metòd	Fason pou Itilize	Enpak sou Senyen	Sa a ou Dwe Konnen	Kijan li travay?
<b>Bag</b> Nuvaring®, ANNOVERA® 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Mete yon ti bag anndan vajen an</li> <li>Bag chak mwa: Chanje bag chak mwa</li> <li>Bag chak ane: Chanje bag chak ane.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ka lakoz san chak mwa vin regilye epi gen mwens doulè</li> <li>Li ka pwovoke senyen pandan premye mwa yo</li> <li>Li ka ogmante dechaj vajinal</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Gen 2 kalite: yon bag chak mwa ak yon bag chak ane</li> <li>Yon sèl gwosè</li> <li>Prive</li> <li>Ou ka tonbe ansent menm kote ou retire bag la</li> <li>Metòd sa a gen estwojèn – li pa klè si estwojèn nan entèraji ak testostewòn</li> </ul>	93%
<b>DIU: An Kuiv</b> ParaGard® 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Se yon doktè ki pou mete l nan matris la</li> <li>Se yon doktè ki pou retire l an jeneral</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li ka lakoz kramp ak anpil san lè w gen règ ou chak mwa</li> <li>Li ka lakoz senyen mem si ou pa gen règ ou (si ou pran testostewòn, sa a kapab pa pwoblèm)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li ka rete anplas jiska 12 lane</li> <li>Ou ka tonbe ansent menm kote yo retire l la</li> <li>Li ka diminye risk pou kansè kòl matris, kansè nan ovè ak sendwòm ovaryen polikistik (Polycystic Ovary Syndrome, PCOS)</li> <li>Ramman matris la ka blese pandan yap mete l la</li> </ul>	>99%
<b>DIU: Òmonal</b> Liletta®, Mirena®, Skyla® ak lòt ankò <sup>1</sup> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Se yon doktè ki pou mete l nan matris la</li> <li>Se yon doktè ki pou retire l an jeneral</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li ka amelyore kramp</li> <li>Li ka lakoz tikras senyen, dechay, oswa pa gen san ditou oswa yon pa gen san chak mwa ditou</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Itilize levonorgestrel, yon progestin</li> <li>Li ka rete anplas ant 3 a 8 lane, sa a depan de ki DIU ou chwazi</li> <li>Ou ka tonbe ansent menm kote yo retire l la</li> <li>Li ka diminye risk pou kansè kòl matris, kansè nan ovè ak sendwòm ovaryen polikistik (Polycystic Ovary Syndrome, PCOS)</li> <li>Ramman matris la ka blese pandan yap mete l la</li> </ul>	>99%
<b>Dyafragm</b> Caya® ak Milex® 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Mete l nan vajen an chak fwa w ap fè sèks</li> <li>Itilize ak espèmisid chak fwa</li> </ul>	Okenn	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li ka dire plizyè ane</li> <li>Li koute yon tikras kòb pou itilize</li> <li>Li ka pwoteje w kont kèk enfeksyon, men pa kont HIV</li> <li>Itilize espèmisid kapab ogmante risk pou gen HIV</li> <li>Ou pa sipoze itilize l si vajen an ap senyen oswa li gen enfeksyon</li> <li>Li ogmante ris pou w pran enfeksyon nan vesi</li> </ul>	83%
<b>Enplan</b> Nexplanon® 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon doktè mete l anba po w nan pati anlè bra w</li> <li>Se yon doktè ki pou retire l</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li ka lakoz tach ak senyen ki iregilye</li> <li>Apre 1 lane, ou ka pa gen règ ou chak mwa; ou byen ditou</li> <li>Souvan kramp yo amelyore</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li dire lontan (jiska 5 lane)</li> <li>Ou ka tonbe ansent menm kote yo retire l la</li> <li>Li ka diminye risk pou kansè kòl matris, kansè nan ovè ak sendwòm ovaryen polikistik (Polycystic Ovary Syndrome, PCOS)</li> <li>Li ka pwovoke chanjman nan imè</li> </ul>	>99%

Metòd	Fason pou Itilize	Enpak sou Senyen	Sa a ou Dwe Konnen	Kijan li travay?
<b>Espèmisid Vajinal</b> Krèm, jèl eponj, fom, ensèsyon, kouch pwotektè 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Mete espèmisid chak fwa w ap fè sèks</li> </ul>	Okenn	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ou ka achte l nan divès magazen</li> <li>Ou ka mete l lè w ap fè ti jwèt sèks/preliminè</li> <li>Li vini sou plizyè fòm: krèm, jèl eponj, fom, ensèsyon, kouch pwotektè</li> <li>Li kapab ogmante risk pou gen HIV</li> <li>Li ka irite vajen an, peni an</li> <li>Krèm, jèl ak fom ka bay pwoblèm</li> <li>Ou pa bezwen yon preskripsyon</li> </ul>	79%
<b>Esterilizasyon: Metòd Twonp</b> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Metòd sa yo bloke oswa koupe twonp Falòp yo</li> <li>Yon medsen ale nan twonp yo nan vant ou</li> </ul>	Okenn	<ul style="list-style-type: none"> <li>Metòd sa yo pèmanan e yo efikas anpil</li> <li>Li difisil pou retounen genyen yo menm jan an</li> <li>Risk yo gen ladan yo enfeksyon, senyen, doulè ak reyaksyon ak anestezi</li> </ul>	>98%
<b>Esterilizasyon: Vazektomi</b> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon medsen bloke oswa koupe tib ki pote espèm soti nan boul gress ou yo</li> </ul>	Okenn	<ul style="list-style-type: none"> <li>Metòd sa a pèmanan e li efikas anpil</li> <li>Li pi efikas, li plis an sekirité e pi bon mache pase pwosedi twonp lan</li> <li>Sa a kapab fèt nan klinik doktè a</li> <li>Ou pa bezwen pran anestezi jeneral</li> <li>Li difisil pou retounen genyen yo menm jan an</li> <li>Risk yo gen ladan yo enfeksyon, doulè ak senyen</li> <li>Li ka pran jiska 3 mwa pou l travay</li> </ul>	>99%
<b>Gress</b> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pran gress nan chak jou</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Souvan li lakoz senyen sa a, ki ka dire pilzyè mwa</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li ka amelyore sentòm PMS yo</li> <li>Li ka amelyore akne</li> <li>Li ede fè prevansyon kansè nan ovè</li> <li>Metòd sa a gen estwojèn – li pa klè si estwojèn entèraji ak testostewòn</li> <li>Ou ka tonbe ansent menm kote ou sispann pran gress nan</li> <li>Li ka lakoz noze, pran pwa, tèt fè mal, chanjman nan anvi seksyèl - kék nan sa yo ka disparèt lè w chanje al nan yon nouvo mak</li> </ul>	93%
<b>Gress Progestin Sèlman</b> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pran gress nan chak jou</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ka lakoz san chak mwa vin regilye epi gen mwens doulè</li> <li>Li ka pwovoke senyen pandan premye mwa yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ou ka tonbe ansent menm kote ou sispann pran gress nan</li> <li>Li ka diminye risk pou kansè kòl matris, kansè nan ovè ak sendwòm ovaryen polikistik (Polycystic Ovary Syndrome, PCOS)</li> <li>Li ka lakoz depresyon, chanjman nan cheve oswa nan po, chanjman nan anvi seksyèl</li> </ul>	93%
<b>Jèl Asid pou Vajen Phexxi®</b> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Mete jèl la chak fwa w ap fè sèks</li> </ul>	Okenn	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ou ka mete l lè w ap fè ti jwèt sèks/preliminè</li> <li>Li pa gen okenn òmòn</li> <li>Ou bezwen yon preskripsyon</li> <li>Li ka irite vajen an, peni an</li> <li>Ou pa sipoze itilize l si w gen enfeksyon nan pipi</li> </ul>	86%

Metòd	Fason pou Itilize	Enpak sou Senyen	Sa a ou Dwe Konnen	Kijan li travay?
<b>Kapòt Ekstèn</b> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Itilize yon nouvo kapòt chak fwa w ap fè sèks</li> <li>Itilize yon kapòt san latèks si ou fè alèji ak latèks</li> </ul>	Okenn	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ou ka achte l nan divès magazen</li> <li>Ou ka mete l lè w ap fè ti jwèt sèks/preliminè</li> <li>Ka ede w fè prevansyon kont ejakilasyon prekòs</li> <li>Kapab sèvi pou sèks nan bouch, nan vajen ak nan dèyè</li> <li>Pwoteje kont HIV ak lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks</li> <li>Ka diminye sansasyon sou peni an</li> <li>Ka lakoz ou pèdi bann</li> <li>Ka chire oswa glise soti</li> <li>Ou pa bezwen yon preskripsyon</li> </ul>	87%
<b>Kapòt Entèn</b> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Itilize yon nouvo kapòt chak fwa w ap fè sèks</li> <li>Itilize librifyan depi w bezwen</li> </ul>	Okenn	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ou ka mete l lè w ap fè ti jwèt sèks/preliminè</li> <li>Kapab sèvi pou sèks nan dèyè ak nan vajen</li> <li>Ka ogmante plezi nan vajen/dèyè</li> <li>Bon pou moun ki fè alèji ak latèks</li> <li>Pwoteje kont HIV ak lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks</li> <li>Ka diminye sansasyon sou peni an</li> <li>Li ka fè bwi</li> <li>Li ka difisil pou w mete</li> <li>Li ka deplase pandan w ap fè sèks</li> <li>Ou ka bezwen gen yon preskripsyon nan men doktè ou, swen sante w la</li> </ul>	79%
<b>Konprime Kontrasepsyon ann Ijans</b> Progesterin EC (Plan B One-Step®) ak ankò ulipristal acetate (ella®) 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li travay pi byen tank ou pran l pi vit aprè ou fin fè sèks san pwoteksyon</li> <li>Ou ka pran EC jiska 5 jou apre ou te fin fè sèks san pwoteksyon</li> <li>Si pake a gen 2 tablèt, pran toude ansanm</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pwochen règ ou ka vin pi bonè oswa li anreta</li> <li>Li ka pwovoke senyen</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Disponib nan famasi, sant sante, oswa kay doktè swen sante w: rele anvan pou w konnen si yo genyen l</li> <li>Moun tout laj ka pran progesterin EC san preskripsyon</li> <li>Li ka lakoz estoma brile oswa noze</li> <li>Progesterin EC pa entèraji ak testostewòn, men nou pa konnen si Ulipristal acetate EC fè sa a oswa si li pa fè l</li> <li>Ulipristal acetate EC mande pou w genyen yon preskripsyon</li> <li>Li ka koute chè</li> <li>Ulipristal acetate EC travay pi byen pase progesterin EC si endis mas kóporèl ou (Body Mass Index, BMI) pi wo pase 26</li> <li>Ulipristal acetate EC travay pi byen pase progesterin EC 3-5 jou apre ou fin fè sèks</li> </ul>	58-94%
<b>Patch Ortho Evra®</b> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Aplike yon nouvo patch yon fwa pa semèn pandan twa semèn</li> <li>Pa mete patch nan semèn 4</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ka lakoz san chak mwa vin regilye epi gen mwens doulè</li> <li>Li ka pwovoke senyen pandan premye mwa yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ou ka tonbe ansent menm kote ou sispann mete patch</li> <li>Ka irite po a anba patch la</li> <li>Metòd sa a gen estwojèn – li pa klè si estwojèn entèraji ak testostewòn</li> </ul>	93%

Metòd	Fason pou Itilize	Enpak sou Senyen	Sa a ou Dwe Konnen	Kijan li travay?
<b>Piki</b> Depo-Provera® 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pran yon piki chak 3 mwa (13 semèn).</li> <li>Bay tèt ou piki a oswa pran l nan yon klinik medikal</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Souvan sa a diminye san ou bay chak mwa</li> <li>Li ka lakoz senyen oswa pa gen san ditou chak mwa</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Chak piki travay pou jiska 15 semèn</li> <li>Prive pou itilizatè</li> <li>Ede fè prevansyon kansè matris</li> <li>Li ka lakoz ou pran pwa, fè depresyon, chanjman nan cheve oswa po, chanjman nan anvi fè sèks</li> <li>Li ka diminye risk pou kansè kòl matris, kansè nan ovè ak sendwòm ovaryen polikistik (Polycystic Ovary Syndrome, PCOS)</li> <li>Efè segondè yo ka dire jiska 6 mwa aprè ou sispann pran piki yo</li> </ul>	96%
<b>Retire</b> Rale soti	<ul style="list-style-type: none"> <li>Rale peni an soti nan vajen an anvan ou ejakile (sa a se, anvan ou vini)</li> </ul>	Okenn	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li pa koute anyen</li> <li>Mwens plezi pou kèk moun</li> <li>Li pa mache si ou pa rale peni an soti atan</li> <li>Ou dwe kanpe sèks w ap fè a</li> </ul>	80%
<b>Sansibilizasyon ak Fètilite</b> Planifikasyon Familyal Natirèl 	<ul style="list-style-type: none"> <li>Predi jou ou fètil yo lè li: pran tanperati a chak jou, verifye dechay nan vajen an pou si gen chanjman, epi/oswa kenbe done règ ou chak mwa</li> <li>Li travay pi byen si ou itilize plis pase yonn nan metòd sa yo</li> <li>Evite fè sèks oswa itilize kapòt/espèmisid nan jou ou fètil yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li pap travay byen si règ ou iregilye</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li koute yon tikras kòb</li> <li>Li ka ede pou w evite oswa eseye vin ansent</li> <li>Itilize yon metòd ki diferan nan jou ou fètil yo</li> <li>Metòd sa a mande anpil efò</li> <li>Ou pa bezwen yon preskripsyon</li> </ul>	85%